Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи



www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 47 (6679) | 4 ноябрь 2019 с. | Итни | РабигIуλ аввал 1441 с. | Багъа - эркенаб

БАРКИ

## 4 ноябрь – Халкъалъул цолъиялъул къо

**ХIурматиял районцоял! РакI-ракIалъ баркула ТIолгороссиялъул байрам – Халкъалъул цолъиялъул къо.**

Гьеб байрамалъ ракIалде щвезабула бищунго захIматаб заманалда нилъер гIемермиллатазулаб халкъалъул цолъиялъ захIмалъаби къезаризе, гьелъул эркенлъи ва чияда бачIолъи цIунизе нухал рагьараблъи. Октябралъул революциялъеги, гьелда хадусеб тарихалъеги кинаб къимат кьолеб бугониги, Россия букIана кIудияб пачалихълъун, гьединаблъун хутIизеги хутIана. ГIемермиллатазулаб Россиялъул халкъалъ кидаго цIунана гIагараб ВатIаналде рокьи. Гьеб байрамалъул мурад буго улкаялъул экономикияб гуч цIикIкIинабиялъе Россиялъул жамгIияб цолъи букIинаби. Божилъи загьир гьабула, Россиялъул халкъазгун цадахъ, нилъер Бакълъулазул районалъул гIадамазги ВатIан цебетIезабиялъе гIоло жигараб къеркьей хадубккунги гьабизе букIиналда.

Гьарула киназего щулияб сахлъи, халатаб гIумру, хIалтIулъ, цIалулъ бергьенлъаби, ракълилаб, роцIараб зоб.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

2019 СОН – ТЕАТРАЛЪУЛ ЛЪАГIЕЛ

# Мусал театр

### Дагъистаналъул халкъияв артист Муса ГIабасов ракIалде щвеялъул къо тIобитIана

**Россиялъул театралъул соналъ Бакълъулазул районалда тIоритIана Дагъистаналъул халкъияв артист Муса ГIабасов ракIалде щвеялъул тадбирал. Маданиталъул машгьурав хIаракатчи гьавураб ва гIураб ТIад Инхо росулъ бугеб минаялъул къадада бана мармаралъул къоно. Районалъул централда тIобитIана Муса ГIабасовасул хIурматалда вечер. Гьел тадбиразда гIахьаллъана Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов, Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул председатель МухIамад АхIмадов, Аваразул театралъул нухмалъулел, актерал ва цогидалги.**



Муса ГIабасов ракIалде щвеялъул тадбиразда байбихьана ТIад Инхо росулъе шайих ГIабдулхIамид Афандил зияраталъ щвеялдасан. Хадур бакълъулал ва гьалбал рачIана Дагъистаналъул халкъияв артист Муса ГIабасов гьавураб ва гIураб минаялъул къадада мармаралъул хъарщи рагьизе. Гьеб тадбиралда кIалъазе рахъана Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов, ДРялъул хъвадарухъабазул Союзалъул председатель МухIамад АхIмадов, Аваразул театралъул бетIерав режиссер ХIайбула ГIабдулгъапуров, ТIад Инхо росдал бетIер МухтарахIмад МухIамадов, актерасул вац ГIалихIажи ГIабасов, Инхоса ГIали-хIажиясул цIаралда бугеб ТIад Инхо гьоркьохъеб школалъул цIалдохъаби ва цогидалги.

«Аваразул театралда Муса ГIабасовасул театранги абула. Гьелъ загьир гьабула маданияталъул халкъияв хIаракатчиясул камилаб махщел букIараблъи. Муса ГIабасовас кIудияб бутIа лъуна Дагъистаналда театр цебетIезабиялъулъ. Аваразул театралъул тарихалъулъ, МугIрузул улкаялъул маданияталъулъ кIочонареб цIар хъвана гьес, рухIияб рахъалъ бечед гьабуна нилъер республика. Муса ГIабасов ккола Аваразул драмаялъулаб театралъе кьучI лъуразул цояв, республикаялда миллияб театралияб искусство цебетIеялъе гIемераб хIалтIи гьабурав актер», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас. РакIалде щвеялъул тадбиразул гIахьалчагIи хадур щвана Муса ГIабасовасул хабаде ва дугIа гьабуна.

Районалъул централда МелъелтIа росулъ хадурккунги ана ракIалде щвеялъул тадбирал. КIудияб ВатIанияб рагъда хваразул хIурматалда бараб памятникалда цере тIугъдузул горал лъуна тадбиралъул гIахьалчагIаз. Районалъул администрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана МугIрузул улкаялъул маданияталъул машгьурав хIаракатчи ракIалде щвеялъул вечер. Гьелда байбихьилелде залалде ракIарараздa бихьизабуна Муса ГIабасовасул гIумрудул ва творческияб нухалъул хIакъалъулъ, ДРялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан, Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул нухмалъулев Набигула АхIмадибировас бахъараб документалияб фильм.

Вечер рагьана ва бачана «Гумбет» газеталъул бетIерав редактор, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ХIамзат ГIизудиновас. Районалъул бетIерасул цIаралдасан, тадбиралда гIахьаллъаразда саламалъулал рагIаби абуна муниципалитеталъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас. Гьес бицана Муса ГIабасовасул творческияб биографиялъул кIвар бугел рахъазул, театралъе ва халкъалъе актерасул цIаралъул, нахъа тараб лъалкIалъул, ирсалъул кIвар букIиналъул.

Муса ГIабасовасул гIумрудул ва творчествоялъул хIакъалъулъ бицана Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул председатель МухIамад АхIмадовас, ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб Аваразул музыкалиябгун драматичекияб театралъул нухмалъулев МухIамадрасул МухIамадрасуловас, «Лачен» журналалъул редактор ГIайшат Малачиевалъ, Россиялъул мустахIикъав артист ХIусен Казиевас, Аваразул театралъул бетIерав режиссёр ХIайбула ГIабдулгъапуровас, Дагъистаналъул театразул тарихалъул музеялъул нухмалъулей Лилия Жамалудиновалъ, медицинаялъул профессор МуртазагIали МухIамадовас, РФялъул мустахIикъав учитель МурсагIали ГIабдулбасировас, Бакълъулазул районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отелалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибировас, Муса ГIабасовасул вас Шарапудин ГIабасовас ва цогидазги.

Художественниял номераз вечер берцин гьабун букIана Аваразул театралъул актераз, «Гумбеталъул махщалилал» концерталъул кьокъаялъул кочIохъабаз, «ГьитIинал магIарулал» къурдул ансамблялъ.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Глава Гумбетовского района Хаджимурад Магомедов принял участие в совещании по анализу промежуточных итогов государственной кадастровой оценки**

-2 стр.



**440 гектаралда – хасалихъе рекьи**

-2 гьум.



**ЦIамул 35 тонна**

3 гьум.



**ТIох, жанисел къадал ва нуцIби хисана**

3 гьум.

ПУЛЬС РЕСПУБЛИКИ

## Глава Гумбетовского района Хаджимурад Магомедов принял участие в совещании по анализу промежуточных итогов государственной кадастровой оценки

**24 октября 2019 года глава Гумбетовского района Хаджимурад Магомедов принял участие в совещании по анализу промежуточных итогов государственной кадастровой оценки, которое прошло в Правительстве Республики Дагестан. Главу района сопровождали его заместитель Малик Маликов и ведущий специалист по земельно-имущественным вопросам администрации Гумбетовского района Умалат Магомеднабиев.**



Совещание провела вице-премьер Республики Дагестан Екатерина Толстикова. В мероприятии также приняли участие Министр по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестана Агарагим Кагирграджиев, руководитель ГБУ РД «Дагтехкадастр» Александр Беднягин, муниципальные депутаты, депутаты республиканского парламента, представители Министерства экономики и территориального развития Республики Дагестан, УФНС по Республике Дагестан и др.

В ходе мероприятия Умалат Магомеднабиев рассказал о замечаниях к промежуточному отчету. А также для проверки промежуточных результатов кадастровой оценки представил ценовые карты территории района с разбивкой на ценовые зоны. Для выбора точечного контроля результатов были представлены фотографии и характеристики объектов оценки. При их подробном анализе были обнаружены объекты, дата постройки, материалы стен или площадь которых внесены в ЕГРН с ошибками.

Глава Гумбетовского района Хаджимурад Магомедов пообещал провести более точный анализ промежуточных результатов, уточнить всю необходимую информацию по всем объектам и исправить недочеты. Александр Беднягин подчеркнул: «Текущая версия отчёта неокончательная. На основе информации, полученной от заявителей, он будет меняться: ещё не все замечания учтены «Дагтехкадастром»».

«Период приёма замечаний заканчивается, но оценку можно будет скорректировать и после утверждения отчёта о государственной кадастровой оценке. С 1 января начнётся период подачи заявлений на исправление ошибки», - отметил Агарагим Кагирграджиев. В ходе совещания напомнили и о льготах, установленных Налоговым кодексом: платежи по земельному налогу не смогут расти более чем на 10% к сумме, которую человек заплатил за предыдущий год. А к налогу на имущество применяется понижающий коэффициент 0,2.

**Хадижат Мазгарова**

САХЛЪИ ЦIУНИЯЛЪУЛ МАСЪАЛАБИ

## НигIматаздасанги рахине бегъула унтаби

### Гьан ва гьанал нигIматал ричиялда хадуб хъаравуллъи букIинабиялъул халгьабуна

**28 октябралда Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас тIобитIана гьан ва гьанал продукция бичиялда хадуб хъаравуллъи кутаклъизабиялъул хIакъалъулъ суал гьоркьоб лъураб санитариябгун рахунел унтабазда данде къеркьеялъул комиссиялъул данделъи.**



Гьеб данделъиялда гIахьаллъана АТКялъул бетIерав специалист УхIумагIали Загьидов, районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуразарулев МухIамадхIабиб Абакаров, Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев Шамил Мажидов, Бакълъулазул районалъул ветеринарияб управлениялъул бетIерав ветеринарияв врач СайгидмухIамад ГIабдулкъадиров ва цогидали.

Данделъиялда бетIерав ветеринарияв врачас бицана гIадамаздеги хIайваназдеги рахунел, хехго тIиритIулел унтабаздаса цIуниялъе тIадаб куцалда цIунизе кколел санитариялгун эпидемическиял къагIидабазул хIакъалъулъ. Гьес тIадчIей гьабуна хасгъабун гьан бичизе рихьизарурал бакIазда гурони гьеб бичизе гьукъараб букIин, гьан ва гьанал продукция бичулесухъ гьелъул качество, зарал гьечIолъи бихьизабураб документ букIине кколеблъиялда. Гьединго абуна лъайкьеялъул, медицинаялъул идарабазул нухмалъулезулгун информациялъулабгун бичIчIикьеялъул хIалтIи гьабизе хIажат бугин гьанал продукция босиялда хадуб хъаравуллъи кквеян.

Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас баян гьабуна данделъиялда рорхарал кинаго предложениял тIураялда, рахунел унтабазда цIуниялда хадуб хъаравуллъи кутаклъизабизе букIин.

**Хадижат Мазгарова**

ЦIУН БАЧIАГИ

# 440 гектаралда – хасалихъе рекъи

### Сахлъи цIуниялъул, газ бачиналъул, республикаялъул программаби тIураялъул суалал гьоркьор лъуна

**28 октябралда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана сахлъи цIуниялъул, газ бачиналъул, республикаялъул программаби гIумруялде рахъинариялъул хIакъалъулъ ва цогидалги кIвар бугел суалал гьоркьоб лъураб данделъи.**

Гьениб гIахьаллъи гьабуна федералиял, республикаялъул ва муниципалиял идарабазул хIалтIухъабаз, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулез ва цогидазги.

Данделъи рагьулаго, Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас цIехана ЦIияб Аргъваниб школа бай кин унеб бугебан. «Трансстрой» ХК ООО-ялъул исполнительнияв директор Александр Лохноца бицана школа баялда гIагараб заманалда гьабизе бугеб хIалтIул. «ГьабсагIат школа баялда хIалтIулев вуго 27 чи. ТIадеги бачIине буго бакIал раялъул материал. ЦIалул корпусалда къедал гьарулел, гордал лъолел ва цогидалги хIалтIаби унел руго», - ян абуна Александрица.



Дагъистанстаталъул Гумбеталда вугев бетIерав специалист – эксперт МухIамад Лабазановас бицана ТIолгороссиялъул халкъалъул перепись гьабиялде хIадурлъиялъул. ДРялъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас баян къуна араб анкьалъ гIахьаллъи гьабунин, хасаб пачалихъияб программаялда рекъон, республикаялъул мугIрузул территориялда хъвай-хъвагIай гьабурал, гьениб магIишатияб хIаракатчилъи бугел юридическиял лицабазе ва жалго жидедаго чIун хIалтIулел предпринимателазе субсидиял кьеялъул суалал рорхараб видеоконференциялда.

Районалъул сахлъи цIуниялъул цольиялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуразарулев МухIамадхIабиб Абакаровас абуна тарихазулаб флюорограф лъунин, кIиго анкь бугин хIалтIулеб бугелдаса, гIадамазда гьеб хIалтIулеб букIин лъазабуни лъикIаб букIинаанин.

Рукъзабахъе газ бачиналъул документал хIадур гьариялъул хIакъалъулъ баян къуна «Газпром - газораспределение - Дагестан» ООО-ялъул СМУялъул мастер МухIамад ГIабдулкъадировас. Гьесул рагIабазда рекъон, районалъул централде газ биччазе рес гьечIо абонентазул сияхIалда гьорлъе рачине гIарзаби кьечIого. ТIабигIияб газ райцентралде биччазе ккани, гIадамазул 80 проценталъ гIарзаби хъвазе кколел руго.

Районалъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, бугольиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас бицана 568 гектаралдасан 440 гектаралда хасалихъе культураби рекъанин, гьаб моцI ахиралде щвелелде рекъи лъугIизабизе хIисабалде босун бугин.

«Бакълъулазул спортсменазги гIахьаллъи гьабуна ЦIумада районалда тIобитIараб эркенаб гугариялъул рахъалъ республикаялъулаб турниралда. Гьаб анкьалъ бакълъулазул ДЮСШялдаги тIобитIизе буго эркенаб гугариялъул турнир», - ян абуна районалъул лъайкеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовас.

Лъайкьелъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас бицана ЛъаратIа ва Килалъ гьоркьохъел школазда «150 школа» республикаялъулаб программаялда рекъон ремонт лъугIулеб бугин, Гьарадирихъ ва Аргъвани гьоркьохъел школазда ремонт гьабун лъугIанин. Районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас абуна школазде живго ун халгьабунин ва гьениб гьабураб хIалтIудаса разилъанин. Культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас тIадчIей гьабуна театралъул соналъул ва Дагъистаналъул халкъияв артист Муса ГIабасовасул хIурматалда тIоритIарал тадбиразда, рехсана халкъазул цольиялъул къоялъ, кIудадабазул ва кIодоэбелазул къоялъ, школазул библиотекабазул къоялъ культураялъул учреждениязгьаризе хIисабалде росарал хIалтIаби.

Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас данделъиялъул хIасилал гьаруна ва тIакъаял къуна.

**Хадижат Мазгарова**

БУХУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

# ТIох, жанисел къадал ва нуцIби хисана

### «150 школа» программаялда рекъон, цIигьабуна Гьарадирихъ гьоркьохъеб школа

**Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиев хIалтIулаб сапаралъ ана Гьоркьа Гьарадирихъ, Бакьулъ Гьарадирихъ ва ТIаса Гьаридирихъ росабалъе. Гьесда цадахъ «150 школа» республикаялъул проектал тIураялъул бугеб хIалалъул халгьабизе сапар бухьана коррупциялда данде къеркьеялъул суалазул рахъалъ районалъул бетIерасул кумекчи НурмухIамад ГIизудиновас ва юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас.**



«150 школа» республикаялъулаб проекталда рекъон, капиталияб ремонт гьабуна Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъе. Гьеб лъайкьеялъул учреждениялъул нухмалъулесул баяналда рекъон, школалда ремонт лъугIун буго.

«150 школа» программаялда рекъон, Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалда капиталияб ремонт гьабуна «Инжиниринг» ООО подрядчияб гIуцIиялъ. Школалда тIох хисана, коридор къачIана, ремонт гьабуна гIодочIабаралъе, хисана киналго жанисел нуцIби. Баркала кьола республикаялъул нухмалъиялъе, Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасе лъайкьеялъул бутIаялъул рахъккуралъухъ ва гьабураб кумекалъухъ», - ян абуна гьеб школалъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевас.

Районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиев рази хутIана ремонт качествоялда гьабун букIиналдаса. Муниципалитеталъул администрациялъул вакилзаби, «Сельсовет "Арадирихский"» росдал поселениялъул бетIер Камил Шапиевгун ва цогидал жавабиял хIалтIухъабигун щвана фельдшерлъиялъулгун акушерлъиялъул пункталде, лъималазул ахикье, маданиябгун хIухьбахъиялъул централде, библиотекаялде, ТIаса Гьарадирихъ байбихьул школалде ва цогидал бакIазде.

**«Гумбет» РИО**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

# ЦIамул 35 тонна

### Бакълъулазул районалъул нухазул хIалтIухъаби хасалиде хIадурлъулел руго

**Хасало шагьранухазда цIер къани щвазе 35 тонна техническияб цIам хIадурун буго «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъ. Нухазул идараялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевас бицана гьоркь хутIун букIараб 25 тоннаялда тIаде цIамул 10 тонна босанин.**



Хасавюрт – Къохъ шагьранухда 73-78 ва 50-53 абилел километразда ремонт гьабулеб буго. Нухазул хIалтIухъабаз нухал ритIа-ришизарулел, лъим унел бакIал къачIалел ва цогидалги хIалтIаби гьарулел руго. 50-53 абилел км нух гIатIид гьабулеб буго, зама-заманалда ччукIулеб участок букIин хIисабалдеги босун.

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас баян гьабуна гIадамазе транспорталъул качественнияб бухьен чIезаби, хасалоялде лъикIаб хIадурлъи гьаби кIвар кьезе кколеб иш бугилан.

«ТIаде щолеб буго гIазу балеб заман. Хасалил шартIазде цереккунго хIадурлъизе ккола. Бакълъулазул районалъул ракьалдасан руго республикаялъул кIвараналъул кIиго шагьранух – МахIачхъала – Болъихъ ва Хасавюрт – Къохъ, гьединго бакIалъул кIвараналъул, росабазда гьоркьосел, росабалъ жанисел нухал. Хасало гIазу бараб мехалъ халат бахъун нухал къачIого ва росабазда гьоркьосеб бухьен гьоркьоб къотIичIого букIине, мухIканаб хIадурлъи гьабизе ккола. Хасало хасго хIинкъи букIуна ХIаригабурлъухъан нухалъул, гьениб пуйдун гIансал гIемер ккола, гIансал тIола.

Цойги нухалъ баркула нухазул хIалтIухъабазда рохалида тIобитIараб махщалилаб байрам, гьарула хIалтIулъ бергьенлъаби, киназего талихI, рохел, икъбал.

Божилъи загьир гьабула, дандчIвалел захIмалъабазухъ балагьичIого, хадубккунги нухазул идараялъул хIалтIухъабаз нухал хIинкъи гьечIеб хIалалъ транспорт хьвадиледухъ чIезаризе жигар бахъизе букIиналда», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУ – ХАЗИНА

# ЦIиликь, Кунзахъ ва ЧIиркъатIа школазул минаби къачIалел руго

### Бакълъулазул районалъул лъайкьеялъул гIуцIиялъе – сахаватчиясул кумек

**Гьал къояз Бакълъулазул районалъул администрациялъул вакилзаби муниципалитеталъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевасул нухмалъиялда щвана, сахаватчи МухIамад Сааевас ремонт гьабулеб бугеб ЦIиликь гьоркьохъеб школалде.**



Районалъул бетIерасул заместителасда цадахъ рукIана коррупциялда данде къеркьеялъул суалазул рахъалъ муниципалитеталъул бетIерасул кумекчи НурмухIамад ГIизудинов, юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидов, «Сельсовет "ЦIилитлинский"» росдал поселениялъул бетIер ГIалихан ДавудхIажиев ва цогидалги.

Школалда ремонт гьаби кин унеб бугебали цIехана МухIамад Хъарагишиевас.

ЦIиликь гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев Мурадбег ХIажибеговас бицана школалда ремонт гьабизе хIажатаб материал босун бугин ва хIалтIулаб къокъаялъ ремонт гьабизе байбихьанин.

«Школалда тIубанго хисизе буго хинлъиялъул система, лъезе руго цIияр батареял. ЦIа ккеялдаса цIуниялъул тIалабалги тIуразарулаго, цIияб котельня лъезе буго школалъул минаялдаса рикIкIадегIан. Подрядчикас рагIи кьун буго 10 къоялъ ремонталъулал хIалтIаби лъугIизаризе», - ян абуна школалъул нухмалъулев Мурадбег ХIажибеговас.

ДРялъул бетIер Владимир ГIабдугIалиевич Васильевасул хIаракаталдалъун ва хасаб хъаравуллъиялдалъун нилъер регионалда гIумруялде рахъинарулел руго щибаб магIишатияб бутIа цебетIезабиялде ралагьарал программаби. Лъайкьеялъул бутIаялда бергьенлъиялда тIубазабулеб буго «150 школа» проект. Бакълъулазул районалда 2019 соналъ гьеб программаялда гIахьаллъулеб буго Аргъвани, Килалъ, Гьарадирихъ, ЛъаратIа гьоркьохъел школал.Гьединго улкаялъул цогидал субъектазда даран-базаралда ругел дагъистаниязе жаваб гьабулеб буго школазе кумек гьабеян бугеб Дагъистаналъул бетIерасул хитIабалъе.

Россиялъул Федерациялъул Президентасда цебе бугеб ДРялъул кидагосев вакил Джамаладин Набиевич ХIасановас кумек гьабулеб буго школазда лъималаз лъай босиялъе шартIал лъикIлъизариялъе сахаватчагIи ралагьиялъе. ХIасановасулги гьесул гIакълучIужу Ольга Ивановна Портнягиналги хIаракаталдалъун, Бакълъулазул районалда тIадеги чанго школалда ремонталъулал хIалтIаби гьарулел руго. Баркала загьир гьабула ДРялъул кидагосеб вакиллъиялъе ва сахаватчиясе районалде кIвар кьуралъухъ», - ян абуна Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ - МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

# Азербайжаналдаса спортсмен Эмран Магарамов къезавуна

### ЦIияб ЦIиликьа ХIажимурад ХIакимов бергьана Ultimax Fight Night турниралда

**Бакълъулазул районалъул ЦIияб ЦIиликь росулъа кквержубараб речIчIухъанлъиялъул спортсмен ХIажимурад**



**ХIакимов иргадулаб нухалъ цеве вахъана Дербенталда тIобитIараб Ultimax Fight Night турниралда ва бергьенлъи босана. Азербайжаналдаса хIалбихьи бугев дандияв Эмран Магарамов къезавуна гьес 55 килограммалде щвезегIан цIайиялда.**

20 сон барав спортсмен ХIажимурад ХIакимов ккола армейскияб кквержубараб рагъуе Дагъистаналъул кIицIолго чемпион, ММАялъул СБЕялъул рахъалъ Москваялъул чемпион, ММАялъул рахъалъ Россиялъул чемпион, спорталъул гьебго тайпаялъе дунялалъулго кубокалъе кIицIолго мустахIикълъарав, халкъазда гьоркьосел ва тIолгороссиялъул турниразул призер.

Бакълъулазул районалъул нухалъулез, гIага-божараз, киналго бакълъулаз баркулеб буго ХIажимурад ХIакимовасда бергьенлъи ва гьарулеб буго хадурккунги церетIеял.

**«Гумбет» РИО**

ЗУЛАЙХАТИЛ ГIАКАГИ ГIАЛИГЪАЛБАЦIИЛ ОЦГИ

# Сибиралъулаб язва (чIегIераб пул)

**Сибиралъулаб язва ккола цIакъго хехго гIададамасдеги боцIуде бахунеб, бищунго гIададамазе хIинкъи бугел унтабаздасан цояб. Гьеб унти чIезабуна 1788 соналъ Сибиралда ва гьелдасан бачIараб буго унтуде цIарги. Сибиралъул язваялда греказул мацIалда абула анитракс – ай – чIегIераб тIурччи (уголь) – чIегIераб пул.**

Нилъер умумузул бицен батана, чIегIераб пул унтуца унтарав чи чIаголъизавизе захIмалъулин (хасго ургьибе ккун бугони), яги холин. Унти багъаризе гьабулеб жо ккола микроб – палочка ва черхалда тIаса батIалъарабго гьелда тIад лъугьуна капсула. Ракьулъе ккун хадуб гьелъул лъугьуна спора. Гьеб ракьулъ цIунун хутIула 400 соналъги.

Ракьулъа гьеб микроб къватIибе бачIине бегьула ракьул хIалтIаби гьарулаго, чучкIел ккун, цIикIкIарал цIадал ран, кIкIалал чIвазарун ва гьединго ракьал лъалъарабго, яги гьел лъалъазе каналал рухьулаго. Унти багъаризе бегьула гьеб микроб гьоркьоб бугеб хер-квеналдасан, хасго хер хIадурун бугони, лъикI лъалъалел ракьаздаса цере гьел унтаби раккарал бакIаздасан, лъиналдасан, хIатта цIалеб хIухьелалдасанги. Унтула хIайван – бищун черх нахъе ккараб, свакараб, бакъараб, загIипаб. ГIемерго гьеб микроб чорхолъе ккараб хIайван, унтуде данде укол гьабун бугониги унтизе бегьула. Щибаб росулъ, гIисинал росабазда гьоркьоб цогIаги букIине ккола хвараб хIайван рехулеб, сверун къараб, гвенд. Районалъул ракьалда гьеб цохIо МелъелтIа росулъ гурони гьечIо.

**Унтул хасиятал ункъо батIияль руго:**

1. ЦIакъго хехго унтулеб – унтула къарияб хIайван, хехго лъугьуна хIухьел хехлъи, сороди, гIертI бай, температура 42,5$^0$ бахуна хола чанго минут сагIаталда жаниб.

2. Хехго унтулеб – хIайван чIамучIIлъула, квен тола, температура 40-42 $^0$, кIалдисан, кIвущ – гъизалда цадахъ бачIуна бидул кьераб лъамалъи, бидул рихxел щола ва хIайван хола 1-2 сордо-къоялда жаниб.

3. Хадусеб 2 форма дагьаб халат бахъунеб гIемерисеб боцIулъ тIатунаро. (5 – 8 къо халат бахъараб). Хун хадуб хIайван гьорола ва магIарзул къалахъан ва гьизи картIинисан би бачIуна, хIайваналъул хваралъул яги хъуралъул би бетуларо, киса-кибего би речула, къечI чанго нухалъ кIодолъула ва хехго биххула.

Гьединал гIаламатал лъугьун рихьичIого хIайван хъун борчIани, тIокIалъ гьелда хъвазе лъикIаб гьечIо, боцIул тохтор ахIун ва гьес изну кьечIого.

Гьаб макъала хъвазе гIиллаги буго, дагьаб цебегIан ЦIияб Лак районалъул ЦIияб Кули росулъ унтараб хIайван хъун, гьелъул гьанада хъван, гьеб кванан гIадамал унтун, ахIи бахъараб хIал нилъер республикаялда ккей ва гьеб хъвелелде ва хъун хадуб ветеринарияв хIалтIухъанасдаги бихьун букIун гьечIо. ГIадамасде гьеб бахуна аслияб къагIидаялда кверазда тIад гьитIинабниги ругъун яги къватIел бугони, гьениб хъолаго, чучкIулаго гьеб бакIалде тIаде сибирская язваялъул микроб ккани.

Гьелда хурхун 25 октябралда букIана райадминистрациялъул рахунел унтабазда данде хIалтIи гIуцIиялъе бугеб комиссиялъул данделъи ва гьениб чIван къотIун рихьизаруна гьаризесел хIалтIаби. Гьелда хурхун районалда 9 моцIалда жаниб гьаб соналъ гьабуна укол Сибирская язваялде данде 31415 хIайваналда, 159293 гIи-цIаназда ва 2832 чуялъе (цо-цо бакIазда кIицIул гьабурабги буго гьаниб). ТIадехун рехсовухъе ракьулъ 400 соналъги микроб хIинкъи бугеблъун хутIулеб бугони, гьелъ бихьизабулеб буго гьеб унти бокьараб бакIалда бокьараб мехалъ баккизе бегьулеблъи, киналго рукъалъул ва цIикIкIарасел гIалхул хIайваналъ, гIанкIвал хутIун.

**Щибха гьеб унтудаса гIадан ва хIайван цIуниялъе гьабизе кколеб?**

1. Щибаб соналъ гIи-боцIуе, чуязе укол гьарула, жигар бахъула цониги хIайван гьоркьоб течIого дараби гьаризе. КIолищха гьеб гьедин гьабизе, кидаго кIоларо. Гьелъиеги росабалъ гьечIо санагIалъаби, ай укол гьарулаго боцIи жаниб бачине бакI (ЦIиликь, кIиябго Аргъваниб, ЛъаратIа ва Килалъ хутIун) – гьел бакIал раялъе тIасияб соналданиги росабалъ хIаракат бахъизе ккола.

2. Бичун босулеб буго цебе ккараб бакIалдаса боцIи, дару гьабиялъул хъвайхъвагIай бугеб документ (свидетельство № 1) гьечIого. БоцIул тохтурасда лъазе толеб гьечIо гьеб боцIи боси. Гьеб гьедин бегьуларо.

3. БачIараб боцIи лъазе ккола ва гьеб 30 къоялъ боцIулъе биччачIого батIа чIезабун карантиналда лъезе ккола ва халгьабун хIалтIаби гьарула.

4. Гьан, рахь ва цойгидабги гIи-боцIул продуктаби цебе ккаралъуса росизе бегьуларо, гьеб бичулезухъги букIине ккола боцIул тохтурас кьураб документ (свидетельство № 2). Гьеб бичулел хасал бакIал районалда рукIине ккола – амма гьел кирго гьечIо ва Дагъистаналдаго нилъер район гурони гьечIин абизе бегьила продуктаби ричизе хасаб тукен ва гьитIинабго батIа гьабураб базар гьечIеб бакI. БукIине ккела гьеб чIахIиялниги росабалъ. Бокьилаан гьелдеги кIвар кьуни.

5. Унти-щокълъиялдаса цIунизе ккани щибаб росулъ букIине ккела хасаб гвенд хвараб хIайван яги ургъизе рехизе. Гьелдеги кьезе ккела кIвар тIасияб соналдагIаги. Унта-щокълъиялдаса цIунизе ккани шартIлъун ккола унтараб, щокъаб, яги цониги щакльи бугебниги яги сахаб хIайван хъолеб хасаб бакI (убойная площадка) – цемент тIураб, сверун къараб) чIахIиял росабалъниги.

6. Бокьилароан тIадехун ругезул кумек гьечIолъиялъ, нижер кIвар гьечIолъиялъ гIадан унтизе, хIайван тIаса ине, ниж ва район сурараб хIужа ккезе, медицинаялъул тохтурас цохIо гIадан цIунулев ватани, боцIул тохтурас гIаламго – инсаният цIунулин абулел гIалимчиясул рагIаби рагIабилъун цIаличIого, магIнагун цIализе, гьеб мехалъниги кIвезе буго нилъеда нилъго лъикIал мурадазде, гIорцIараб, хIинкъи гьечIеб магIишат-яшавалде рачине. Гьелъие нилъее Аллагьас кумекги гьабеги. Амин.

**СайгидмухIамад ГIабдулкъадиров, Бакълъулазул районалъул ветеринарияб управлениялъул бетIерав ветврач, ДРялъул мустахIикъав ветврач**

ОБЪЯВЛЕНИЯ

**Важная информация для инвалидов, ветеранов труда и реабилитированным лицам**

УСЗН в МО «Гумбетовский район» извещает о том, что федеральным категориям льготников (т.е. инвалидам всех групп, семьям с детьми инвалидами до 18 лет, вдовам участников ВОВ, инвалидам ЧАЭС, МАЯК), которые получают выплаты по оплате жилищно-коммунальных услуг через управление социальной защиты населения, необходимо представить лицевую карту потребителя за период с января 2019 г. по декабрь 2019 года (документ о фактически произведенной оплате), а также справку об отсутствии задолженности за электроэнергию с энергосбытовой компании Гумбетовского района в срок до 1 декабря 2019 года.

А республиканским категориям (ветеранам труда, реабилитированным лицам) необходимо представить только справку об отсутствии задолженности за электроэнергию в срок до 1 декабря 2019 г.

В случае непредставления сведений о произведенных расходах (электроэнергия, газ, твердое топливо-уголь) ежемесячная денежная выплата по оплате жилого помещения и коммунальных услуг будет прекращена.

**Важная информация для специалистов сельской местности**

Управление социальной защиты населения в МО «Гумбетовский район» доводит до сведения отдельных категорий граждан, имеющих право на ежемесячную денежную выплату по оплате жилого помещения и коммунальных услуг, что постановлением Правительства Республики Дагестан от 2 декабря 2016 года № 374 «О внесении изменений в некоторые постановления Правительства Республики Дагестан» предусматривается следующее:

Ежемесячная денежная выплата назначается отдельным категориям граждан при отсутствии у них задолженности по оплате жилых помещений и коммунальных услуг или при заключении и (или) выполнении ими соглашений по ее погашению.

В связи с вышеизложенным всем работникам сельской местности (педагогическим работникам школ, детских садов, ЦДО, ДЮСШ, методистам отдела образования, медицинским работникам, работникам ветеринарной службы, социальным работникам, работникам культпросветучреждений), получающим выплаты по коммунальным услугам через УСЗН, необходимо представить справки об отсутствии задолженности с энергосбыта Гумбетовского района в срок до 01.12.2019 года.

В случае непредставления справок, осуществление выплаты будет прекращено.

**Важная информация для многодетных семей**

УСЗН в МО «Гумбетовский район» сообщает, что в связи с изменениями, внесенными Постановлением Правительства Республики Дагестан от 2 декабря 2016 года № 374 « О внесении изменений в некоторые постановления Правительства Республики Дагестан» всем многодетным семьям необходимо представить в УСЗН документы, подтверждающие сведения о доходах каждого члена семьи (либо отсутствие дохода) в срок до 31 декабря 2019 года.

Назначение ежемесячной денежной выплаты по оплате жилого помещения и коммунальных услуг многодетным семьям будет производиться, если у них среднедушевой доход, ниже величины прожиточного минимума, установленного в Республике Дагестан.

Необходимый перечень документов для представления в УСЗН:

-паспорта родителей;

-состав семьи;

-сведения о заработной плате за последние три месяца;

-если не работают, справки с сельских администраций о том, что не работают;

-справки с пенсионного фонда о наличии пенсий на всех членов семьи;

-справки с центра занятости на неработающих;

-справки с налоговой инспекции на родителей;

-справки с энергосбыта Гумбетовского района об отсутствии задолженности за электроэнергию.

В случае непредставления сведений о доходах и справки с энергосбыта Гумбетовского района об отсутствии задолженности за электроэнергию ежегодно ежемесячная денежная выплата по оплате жилого помещения и коммунальных услуг многодетным семьям будет прекращена.

**По всем интересующимся вопросам можете обращаться в УСЗН в МО «Гумбетовский район» по телефону: 8(272)2-62-79:**

**Адрес электр.почты: uszn.gumbet@yandex.ru, gumbuszn@mail.ru**

**Уважаемые владельцы самоходной техники и прицепов к ним!**

Государственная инспекция по надзору за техническим состоянием самоходных машин и других видов техники доводит до сведения владельцев, тракторов, самоходных дорожно-строительных и иных машин и прицепов к ним, с 28.10.2019 г. по 08.11.2019 г., согласно приказа начальника инспекции Гостехнадзора РД № 02-02/ 70 от 24.10.2019 г. на территории МР «Гумбетовский район» РД пройдет мероприятия профилактического характера «Об обеспечении безопасности дорожного движения тракторной и самоходной, дорожно-строительной техники» на обслуживаемой территории.

Инспекция Гостехнадзора призывает всех руководителей организаций, учреждений и владельцев техники установить должный контроль, за техническим состоянием выпускаемых на линию самоходной техники, своевременно (периодически) проводит с механизаторами инструктаж по БДД с учетом специфики выполняемых работ (перевозки грузов) дорожных и погодных условий а также к повышению ответственности при эксплуатации и самоходных дорожно-строительных машин и прицепов к ним в целях обеспечения безопасности дорожного движения.

К тем владельцам самоходных машин, которые не желают выполнять законные требования государственных инженеров-инспекторов мы вынуждены применять меры административного воздействия.

**Б.П.Эмечев, главный государственный инженер-инспектор**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесеcул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъорк
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.